

PWOGRAM SWEN NAN KAY POU GRANMOUN AJE CONNECTICUT
Anviyè Apati 1ye Janvyè 2010

<u>Nivo</u>	<u>Sèvis</u>	<u>Deskripsyon</u>	<u>Bezwen</u>	<u>Fonksyonèl</u>	<u>Kalifikasyon</u>
Kategori 1	Swen limite nan kay pou Granmoun aje ki frajil enpe	Swen limite nan kay pou granmoun aje ki genyen kèk byen ki depase limit Medicaid	Nan risk pou entènè lopital oswa nan plasman nan mezon retrèt akoutèm	Ki bezwen swen akoutèm oswa alontèm nan mezon retrèt	Revni Endividyèl = San Limit Byen: Endividyèl = \$32,868 Koup = \$43,824
Kategori 2	Swen entèmedyè nan kay pou granmoun aje ki genyen kèk byen ki depase limit Medicaid	Swen entèmedyè nan kay pou granmoun aje ki genyen kèk byen ki depase limit Medicaid	Ki bezwen swen akoutèm oswa alontèm nan mezon retrèt	Ki bezwen swen alontèm nan mezon retrèt	Revni Endividyèl = San Limit Byen: Endividyèl = \$32,868 Koup = \$43,824
Kategori 3	Swen ekstansif nan kay pou granmoun aje ki ta nan nan mezon retrèt sou Medicaid	Swen ekstansif nan kay pou granmoun aje ki ta nan nan mezon retrèt sou Medicaid	Ki bezwen swen alontèm nan mezon retrèt	Ki bezwen swen alontèm nan mezon retrèt	Revni Endividyèl = \$2,022 Byen: Endividyèl = \$1,600 Koup: (toulède kòm kliyan) = \$3,200 (youn kòm kliyan) = \$23,512



www.swcaa.org

Mwen santi mwen tankou “Yon Rèn pou yon Jou” akòz tout èd mwen resevwa nan SWCAA ak pwogram swen nan kay la. Yon apèl, epi mwen pa vle pou anyen.

- kliyan Pwogram Swen CT nan Kay

SWCAA ofri lidèchip ak resous pou satisfè bezwen popilasyon granmoun aje k ap ogmante vit epitou pou antreteni ak amelyore kalite lavi ak endepandans granmoun aje yo. Nou reyalize misyon sa a toudabò lè nou determine bezwen kominote granmoun aje yo epi answit lè nou afekte lajan pou sèvis ak pwogram manje ki baze nan kominote a toupatou nan Konte Fairfield.



Fason pou konekte ou ak sèvis ou bezwen

Pwogram Swen nan Kay pou Granmoun Aje Connecticut

203-333-9288
 1-800-994-9422
 www.swcaa.org
 10 Middle Street
 Bridgeport, CT 06604

Sèvis pou vil Bridgeport, Darien, Easton, Fairfield, Greenwich, Monroe, New Canaan, Norwalk, Stamford, Stratford, Trumbull, Weston, Westport, ak Wilton

Southwestern Connecticut Agency on Aging (SWCAA), administre Pwogram Swen nan Kay pou Granmoun Aje Connecticut (CHCPE) dapre yon kontra ki genyen avèk Depatman Sèvis Sosyal Connecticut (DSS).

Kisa CHCPE ye?

Pwogram Swen nan Kay pou Granmoun Aje Connecticut (CHCPE) ofri granmoun aje yo èd kominotè yo bezwen pou yo rete lakay yo. Pwogram sa a disponib moun k ap viv nan Connecticut ki gen laj 65 ane oswa plis epi ki satisfè sèten kritè revni ak kritè fonksyonèl.

Kijan CHCPE kapab ede?

Aprè yon premye evalyasyon, yon Travayè Sosyal ap travay avèk ou ak fanmi ou pou devlope yon Plan Swen. Plan Swen an kapab genyen ladan pwogram swen lajounen pou adilt, manje-sou-woulèt, system repons pou ijans, visit enfimye, èd medical nan kay, moun ki pou fè antretyen kay, kineziterapi, ti reparasyon nan kay, asistans nan swen pèsonèl oswa sèvis nan kay. Yon Travayè Sosyal ki gen eksperyans ap adapte pou ou ak kouwòdone melanj kòrèk sèvis kominotè pou ou oswa pou moun w ap pran swen an apre ou fin fè yon evalyasyon gratis ak apwofondi.

CHCPE kapab reprezante yon gwo èd pou moun k ap pran swen fanmi ou. Li kapab ofri ou tou sipò yon granmoun aje bezwen pou li toujou rete endepandan.



Kimoun k ap Peye pou CHCPE?

CHCPE se yon pwogram Medicaid ki obligatwa. Si ou kalifye dapre revni ak byen ou, y ap mande ou pou anwole nan Medicaid. Si ou pa kalifye pou Medicaid, ou kapab kalifye pou pwogram Leta finansie. Tanpri al gade pòsyon kalifikasyon depliyen sa a pou jwenn detay espesifik.

Kijan yon Granmoun Aje Kalifye pou CHCPE?


Tanpri al gade pòsyon kalifikasyon depliyen sa a pou jwenn detay espesifik kritè finansye ak fonksyonèl pou pwogram sa a.

Kijan Yon Moun Aplike pou CHCPE?

Pou aplike pou CHCPE, oswa pou rekòmande yon moun ou renmen pou pwogram sa a nan katòz (14) vil sidwès Connecticut, rele Depatman Sèvis Sosyal Connecticut, Inite Swen Altène nan nimewo 860-424-4904.

Ki Vil SWCAA Ofri Sèvis?

SWCAA sèvi vil Bridgeport, Darien, Easton, Fairfield, Greenwich, Monroe, New Canaan, Norwalk, Stamford, Stratford, Trumbull, Weston, Westport ak Wilton.



www.swcaa.org
203-333-9288
1-800-994-9422